*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№154 (26367)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 27 август – майрæмы мæйы 27 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ЮБИЛЕЙ
**Бæрзонд бæрæггæнæнтæ æвдисынц**

3 УÆРÆСЕЙАГ КИНОЙЫ БОН
**Бырнацты Измаил**

4 ИРОН ЦАРДЫ ÆГЪДÆУТТÆ
**Майрæмы куадзæн**

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Регионалон программæ**

## «Æхсарджын Ирыстон»: зондамонæджы бон

**Зондамонæджы боны кадæн регионалон ахуырадон программæ «Æхсарджын Ирыстон»-ы фæлгæты хъæбатыр хæс-тонтимæ фембæлдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ республикæйы Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз. Иу хатт ма уын уæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм: проекты архайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ, конкурсы руаджы æвзæрст чи æрцыд, ахæм 32 адæймаджы. Проект æххæстгонд цæуы УФ-йы Президент Владимир ПУТИНЫ уынаффæйæ федералон проект «Хъæбатырты рæстæг»-ы фæлгæты.**






Программæ арæзт у æртæ хайæ: 1) ахуырадон, 2) адæймаджы профессионалон рæзт, 3) зондамонæг. Ныридæгæн уал алы архайæг дæр базонгæ йæ зондамонæгимæ. Нæ республикæйы алы министр æмæ разамонæг дæр суыдзæн зондамонæг æмæ кусдзæн проекты архайджытæй иуимæ. Сергей Меняйло куыд загъта, афтæмæй сæ алчидæр хъуамæ йæхицæн фæдон бацæттæ кæна.

- Уе 'ппæт дæр архайдтат сæрмагонд æфсæддон операцийы. Чидæр уæ йæ равзæрст дæсныйадмæ гæсгæ афицер у, чидæр та йæ зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ ацыд Фыдыбæстæ бахъахъхъæнынмæ. Куы уæ æвзæрстам, уæд баныхас кодтам, кæм æмæ уæ цавæр къабазы фæнды кусын, ууыл. Фæлæ хъуамæ æмбарат, цы программæ уын бацæттæ кодтам, уый, æнæмæнг, ахсджиаг кæй у нæ республикæ æмæ нæ бæстæйæн дæр, – фæбæрæг кодта регионы Сæргълæууæг.

Куыд зонæм, афтæмæй федералон проект «Хъæбатырты рæстæг» æххæстгонд цæуы нæ бæстæйы алы регионы дæр. Фæлæ æрмæстдæр нæ республикæйы проект дæтты уый бæрц фадæттæ архайджытæн. Уыцы æнтыстдзинад, æнæмæнг, у нæ республикæйы Сæргълæууæджы хъæппæрис.

Проекты архайджытæн арфæ ракодта Тускъаты Таймураз дæр æмæ загъта:

– Фæнды мæ раарфæ кæнын нæ ветерантæн, проекты архайджытæн сæ хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинады тыххæй. Сымах хъуыддагæй хæсты быдыры равдыстат дæнцæг, Фыдыбæстæ куыд уарзын хъæуы, уый. Ныр уæ царды ралæууыд æндæр рæстæг – профессионалон рæзты къæпхæн. Куыд зонæм, афтæмæй сгуыхтдзинад равдисæн ис канд хæсты быдыры нæ, фæлæ ма сабыр царды дæр, хъазуатонæй фæллой кæнгæйæ. Уæ фæндтæ уæ къухы бафтæнт!

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ,**
**къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

**Къамисы æмбырд**

## Æдасдзинады фарстатæ

**Терроризмы ныхмæ къамис æмæ республикæйы Оперативон штабы иумæйаг æмбырд амыдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой Беслæны 1-æм скъолайы террористон акты 21 азы бонмæ, ног ахуыры азы райдианмæ æмæ æвзæрстыты иумæйаг боны æдасдзинады мадзæлттыл.**



РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады æхсæнадон фæтк хъахъхъæныны пъæлицæйы хицауы хæдивæг **Агънаты Уырызмæг** æмæ Уæрæсейы национ гвардийы æфсæдты цæгатирыстойнаг управленийы хицауы хæстæ æххæстгæнæг **Дмитрий Подвысотский** куыд загътой, афтæмæй 4 сентябры агъоммæ æппæт скъолатæ бабæрæг кæндзысты сапертæ æмæ кинологтæ ахуыргонд куыйтимæ, агурдзысты рæмудзæн æмæ æндæр тæссаг дзаумæттæ. Алы объект дæр æхсæвæй-бонæй хъахъхъæд цæудзæн. Ахуыры фыццаг бон æдасдзинады фарстатæм кæсдзысты пъæлицæйы 1300 кусæгæй фылдæр, уыимæ, Уæрæсейы гварди æмæ барадхъахъхъæнæг организациты минæвæрттæ.

Æмбырды фæнысан кодтой, алывæрсыг мадзæлттæ арæзт кæй уыдзæн Беслæны теракты амæттæгты нæмттæ мысæн бонты, уый, цæмæй æхсæнадон фæтк æмæ сабырдзинад хъахъхъæд æрцæуой, уымæн.

Сергей Меняйло фæсидтис, цæмæй нæ республикæйы скъолатæ, институттæ, университеттæ, колледжтæ æмæ техникумты ног ахуыры азы агъоммæ иумæйаг хъарутæй æппæт хъæугæ структурæтæ нæ кæстæрты æдасдзинадыл бакусой.

Цæгат Ирыстоны сентябры цæудзысты æвзæрстытæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм. Алагиры, Æрыдоны, Æрæфы, Рахизфарсы æмæ Горæтгæрон районты кусдзысты 5 территориалон æмæ 12 участокты къамистæ.

Æмбырды архайджытæ дзырдтой, комкоммæ цы нысантæ арæзт æрцæудзæн æвзæрстыты рæстæг цæрджыты æдасдзинадæн, уыдоныл.

Ахуырады объекттæм уæлдай фылдæр æргом здæхт кæй цæуы, уый тыххæй дзырдта РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**. Йæ ныхасмæ гæсгæ, 471 бæстыхайы ныридæгæн цæттæ сты ног ахуыры азмæ. Алы ран дæр кусы видеоцæстдарды системæ, мидæмæ хуымæтæджы ничи бацæудзæн. Министр куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй бадзырдтæ бафыстой хи хъахъхъæнæн куыстуæттимæ.

Ахуырадон-фæлварæн эвакуацитæ ацæудзысты 15 сентябры онг, архайдзысты дзы скъоладзаутæ æмæ ахуыргæнджытæ. Афтæмæй сывæллæттæ зондзысты, æнæнхъæлæджы уавæрты хи раст куыд даргæ у, уый.

Æмбырдæй хатдзæгтæ скодтой, рахастой уынаффætæ.

**РЦИ-Аланийы**
**Сæргълæууæг**
**æмæ Хицауады**
**пресс-службæ**

**Ахуырад**

## Ахсджиаг фембæлд

**Алагиры 5-æм скъолайы «Фыццæгты змæлд»-ы активисттæ профориентацион проект «Фыццæгты дæсныйад»-ы фæлгæты бабæрæг кодтой пъæлицæйы хайады миграцион фарстаты фæдыл дæлхайад. Экскурси арæзт æрцыд пъæлицæйы, прокуратурæ æмæ æхсæнадон кусджытимæ. Йæ нысан у скъоладзауты патриотон хъомылад, стæй сæ дæлхайады куыстимæ базонгæ кæнын. Уый та йæ цæст дары канд æддагон миграцимæ нæ, фæлæ паспорттæ дæттыны хъуыддагмæ дæр, куыстадон миграцимæ, паддзахадон лæггæдты хъуыддагмæ…**

Пъæлицæйы лейтенант **Кæсæбиты Тамарæ** у Алагиры районы Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады хъомыладон куысты специалист.

Проект Фыццæгтæ дæсныйады» фæлгæты, «Фыццæгты Змæлд»-ы активисттæ базонгæ сты миграцийы фарстаты фæдыл дæлхайады архайдимæ. Йæ кусджытæ, сæ сæргъы – пъæлицæйы майор **Алыккаты Фатимæ**, афтæмæй сывæллæттæн радзырдтой сæ куысты тыххæй. Бæлвырддæр æрлæууыдысты бархи дактилоскопион регистрацийыл. Уый Уæрæсейы ис дæс азæй фылдæр.

«Æнгуылдзты фæдтæ исыны процедурæйæ æхсæнады абоны онг дæр тæрсгæ кæнынц, – фæнысан кодта Алыккаты Фатимæ. – Адæм тæрсынц, исчи сæ æвзæрырдæм куы спайда кæна, уымæй. Фæлæ царды вæййы ахæм цаутæ, æмæ бирæтæ зын уавæрты бахауынц, фыдгæнджыты амæттаг фæвæййынц æмæ сæ æнæ гæххæттытæй сбæрæг кæнæн нæ вæййы. Баххуыс сын кæнынц уæд æнгуылдзты фæдтæ».

Алыккаты Фатимæ æрхаста ахæм дæнцæг: «Зæгъæм, адæймаг йæ фæсарæйнаг паспорт куы фесафа фæсарæнты, уæд æй хъæуы консуладмæ бацæуын æмæ фехъусын кæнын, дактилоскопийы процедурæйы кæй цыдис, уый. Уæд йæ документтæ сног кæнын æнцон у. Фæсарæйнаг бæстæтæй хъауджыдæр, ацы процедурæ Уæрæсейы у барвæндонæй».

Пъæлицæйы кусджытæ скъоладзаутæн радзырдтой сæ куысты сæйрагдæр миниуджыты тыххæй – куыстуарзондзинад, куыстмæ лæмбынæг, бæрнон цæстæй кæсын, уымæн æмæ документты чысыл рæдыд дæр, гæнæн ис, æмæ фæзына адæймаджы хъысмæтыл. Уымæй уæлдай, пъæлицæйы кусджытæ æрдзырдтой райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадыл, патриотизм æмæ граждайнаг бæрнондзинадыл, паддзахады интерестæ фидардæр кæнын æмæ хъахъхъæныны фæдыл.

Пъæлицæйы кусджытæ сывæллæттæн радзырдтой, Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады системæйы уæлдæр ахуыргæнæндæттæм куыд бацæуæн ис, стæй уый фæстæ куысты куыд ныллæууæн ис, уыдæтты тыххæй.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры районы**
**мидхъуыддæгты хайады инспектор**

**Ногиры хиды арæзтад**

## Кæронмæ фæхæццæ кæны

**Ныридæгæн æххæстæй цалцæг æрцыдысты хиды уæладзæнтæ, арæзт фесты хиды быцæуты куыстытæ.**

**Хиды уæллагварс канализацион коллектор нывыл æвæрд æрцыд, тагъд бынæй фæстауæрцы коллектор дæр цалцæггонд æрцæудзæн. Ног быцæутыл электрон тыхдæттæнтыл куыст кæронмæ фæхæццæ кæны. Михайловскы хъæуæй хидмæ бацæуæн тымбылæгыл фæлгонцгонд куыстытæ бакодтой. Цæттæгонд цæуы бындур асфальтфæндагæн, асфальтгонд æрцыд йæ иу хай.**

*Нæ уацхæссæг*



## Дзырды фарн

***Æвзæр хорз ныхас куы æмбарид,***
***уæд фыдæбонæй нæ марид, йæ дзырдтæ***
***лыстæг луарид, уæлдай ныхæстæ***
***нæ зарид.***

*ГÆДИАТЫ Секъа*

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **27 августы** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **17-21 градусы онг хъарм.** | Боны дæргъ — 13,24 | Хурыскаст — 05,20<br>Хурныгуылд — 18,45 | Валютæйы аргъ | Доллар — 80,75<br>Евро — 93,63 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

Юбилей

# Бæрзонд бæрæггæнæнтæ æвдисынц

**Æрæджы Æрæфы районы Хæзныдоны уыд стыр бæрæгбон – бынæттон хуыйæн фабрикыл сæххæст фондз азы. Уыцы цау кадджын уавæры сбæрæг кодтой, цындзинады хъуыддаджы цы вæййы, уыдон сарæзтой. Фондз азы тынг стыр æмгъуыд нæу, фæлæ йын хъæуы цæрджытæн æвæрццæг нысаниуæг ис, æмæ сын сæ цинbackыл бирæ дзыллæ бацин кодтой.**



Промышленнон куыстуат равзæрд, хъæуы сæрæндæр цæрджытæ се 'мзæххон, Бетъырбухы бæгæныфыцæн концерн «Балтикæ»-йы хицау Боллоты Таймуразмæ курдиатимæ куы бахатыдысты, уæд. Сæ курдиат æнæрхъуыдыйæ нæ баззад, æмæ фондз азы размæ фабрик йæ дуæрттæ байгом кодта. Ныртæккæ коллективы кусы 64 адæймаджы, уыдонæй 49 – хуыйæн ифтонгарзы оператортæ.

Коллективы уæнгтæ се 'ппæт хæзныдойнæгтæ не сты – ис дзы толдзгуыйнæгтæ æмæ цыколайæгтæ дæр. Фондз азы фаг æмгъуыд у кæрæдзийы базонынмæ, æмæ ныртæккæ хъæрмудæй фæллой кæнынц, сæ цин æмæ сæ хъыг дæр иу у. Кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаг рæстæг сылгоймæгтæй уыдис ахæмтæ, æмæ сæм нæ уыд профессион цæттæиуæджы бæрц, йæ хæрзхъæддзинадмæ фау æрхæссæн нæй. Уый тыххæй сын ис æппæт хъæугæ уавæртæ, сæ сæйрагдæр – нырыккон техникон фæрæзтæ, ифтонггæрзтæ. Куыстуаты разамонджытæй иу, **Токты Зауыр** куыд зæгъы, афтæмæй сæ продукци æрвыст цæуы сæрмагонд æфсæддон операцимæ, уымæ гæсгæ йыл сылгоймæгтæ тынг зæрдиагæй архайынц, æууæндынц, нæ хæстонтæн сæ уæззау уавæртæ фæрогдæр кæнынæн кæй æххуыс кæнынц.

Хæзныдоны цæрджытæ сæрыстыр сты се 'мхъæуккаг Боллоты Куыдзыгойы фырт Таймуразæй, уый алы хъуыддаджы дæр сæ фарсмæ ис. «Балтикæ»-йы сæргъы куы 'рлæууыд ивгъуыд æнусы нæуæдз фыццæгæм азы, уæд хъæуы нæ, фæлæ ма районы фæсивæдæй дæр бирæты ахуыдта йемæ æмæ сæ хорз куыстыл бафтыдта.

Хуыйæн фабричы фондзазон юбилейы бæрæгбон срæсугъд кодтой æрмæст район æмæ республикæйы аивадон коллективдзинад, хуыйæн машинæйы цур фыццаг хатт чи 'рбадт, фæлæ цыбыр рæстæгмæ фæцалх сты, сæ фæлтæрдджындæр æмкусджыты аййæфтой æмæ абон бæрзонд бæрæггæнæнтæ æвдисынц.



Фабрик у «Балтикæ»-йаг текстилон компаниты къорд»-ы дæлхайад, рог промышленносты къабазы аразы æмæ уадзы алыхуызон уæлæдарæс, уыимæ – сæрмагонд æмæ æфсæддон формæ дæр. Абон компанийы дæлбазыр ис 25 куыстадон фæзуаты, къæбæры фаг бакусыны фадат раттой 25 мин адæймагæн, сæ нымæцы, уæлдæр куыд фæбæрæг кодтам, афтæмæй Æрæфы районы æртæ хъæуы минæвæрттæ дæр.

Хæзныдоны фабрикы сылгоймæгтæ ныртæккæ хуыйынц сæрдыгон æмæ æппæтафонон æфсæддон формæ, æххæст цикл кæй хонынц, ахæм мадзалæй, Уæрæсейы Хихъахъхъæнынады министрады фæдзæхст æххæст кæнгæйæ. Афæдзмæ рауадзынц продукци 40 минтæ нæ, фæлæ ма сыхаг регионтæй уазджытæ дæр. Хуыздæр кусджыты дæр æнæрхъуыдыйæ нæ ныууагътой – райстой хæрзиуджытæ, зæрдылдарæн лæвæрттæ, дидинджыты бæстытæ.

Фабричы разамонджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй сæ зæрды ис куыстуат фæуæрæхдæр кæнын. Уый тыххæй сараздзысты уæлæмхасæн бæстыхай.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Проект

# Боны фæткы – «Фермеры скъола»

**Азæй-азмæ бирæвæрсыгдæр æмæ парахатдæр кæны «Россельхозбанк»-ы ахуырадон программæ, фылдæрæй-фылдæр адæмы дзы фæнды архайын, не 'хсæнады рæзы æмбарындзинад – зæххы куыст у пайдайаг, дæтты тыллæг, нæ цæрды сæйраг фæрæз.**

æрцæуудзæн йæ продукци æмæ афтæ дарддæр.

Программæйы архайын сæ бон у сæрмагонд æфсæддон операцийы




ветерантæ æмæ сæ бинонтæн дæр. Уыдон ахуыр кæнын райдайдзысты æнæ развæлгъау фæлварæнтæй. Ивгъуыд аз «Фермеры скъола» каст фесты аст адæймаджы æмæ бавнæлдтой кусынмæ.

Раздæр азтимæ абаргæйæ, бафтыди фермерон хæдзарæдты нымæцыл. Фæлæ, цæмæй зæххы куыст æмбæлгæ хуызы цæуа, йæ хъомыс бæллиццаг æмæ зæрдæмæдзæугæ уа, уый тыххæй хъæуы сæрмагонд зонындзинæдтæ. Уыдон та райсæн уыдзæн «Россельхозбанк»-ы ахуырадон программæйы «Фермерон хæдзарады арæзтад», кæнæ «Фермерты кæсаджы куыст»-ы.

Ахуыртæ цæуынц Хæххон паддзахадон аграрон университеты. Лекциты цы ног хабæрттæ базонынц, уыдон практикон æгъдауæй ахуырдзаутæн сфидар кæнын уыдзæн сæ бон нæ республикæйы агропромышленнон комплексы раззагдæр куыстуæтты.

Фæлтæрдджын специалисттæ сын бæлвырд радзурдзысты, цæмæй хъуамæ райдайа нырыккон фермер, хæдзарады куыст куыд хуыздæр араза, цавæр фарстатæ хъæуы раст æвдисын финансон документты, кæм агура æххуыс æмæ гранттæ, стæй, цавæр мадзæлтты фæрцы уæйгонд

Ахуыртæ ахæсдзысты 2,5 мæйы. Документтæ исдзысты 26 августæй 5 сентябрмæ. Ис дзы æдæппæт 30 бынаты.

Хабæрттæ бæлвырддæр базонæн ис Хæххон паддзахадон аграрон университеты сайты.

**Нæ уацхæссæг**

Домæнтæ

# Сывæллæтты хойраджы æдасдзинад

**Ацы азæй Уæрæсейы æппæт скъолаты сæ тыхы бацæудзысты ахуырдзаутæн хæринаг дæттыны ног домæнтæ. Уыдæттæ конд æрцыдысты паддзахадон нормæтæ æмæ скъоладзаутæн, сæ зæрдæтæ цы хæринæгтæ агурынц, уый нымайгæйæ. Сывæллæтты хæлцады комбинат Дзæуджыхъæуы йæхи уыцы ивддзинæдтæм цæттæ кæны.**

ты хъæздыгдæр урсагæй, пайдайаг сойтæй.

Меню хъæздыг уыдзæн алыхуызон хæринæгтæй, сывæллæттæм æнхъæлмæ кæсынц «голубцы»-тæ стуры фыдæй, «шоколадный» хæринæгтæ цæуынц, уыдон.

Скъоладзауты менюмæ фых гуылтæ æмæ «пельмень»-тæ кæй бахастой, уый дзуапп дæтты санитарон нормæтæн.

Комбинаты коммерцион директор **Бестауты Руслан** куыд радзырдта, афтæмæй хъуамæ скъолаты сайттыл æнæмæнг фæзына ноггонд меню. «Мах цы меню бацæттæ кæнæм, уый нын сфидар кæны «Роспотребнадзор», конд вæййы 20 боны æмгъуыдмæ. Афтæмæй хызт вæййæм уыцы иу хæлцадæй, хойраджы колоритæ нæ сафæм. Хойраг фыцгæйæ, пайда кæнæм æрмæстдæр ауæрдгæ хуызтæй, уый руаджы хæринаджы пайдайаг æууæлтæ хъахъхъæд æрцæуынц. Судзаг, æндæр ахæм хъацæнтæй нæ куысты нæ пайда кæндзыстæм», – загъта Хæлцады комбинаты директор.



Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй уыцы хъуыддæгтæ конд цæудзысты сывæллæтты хойраджы æдасдзинад фæбæрзонддæр, се 'нæниздзинады уавæр сын фæхуыздæр кæнынæн, сæ сабидуджы рæстæн фадæттæ скæнынæн. Нормæты ивддзинæдтæй фæстæмæ, куыст цæуы менюйыл, уым фæзындзысты, сывæллæттæ сæхæдæг фылдæр цы хойраг уарзынц, уыдон. Комбинаты сæйраг технолог **Хетæгкаты Зæринæ** куыд радзырдта, афтæмæй сабитæ хæрдзысты сæ уарзон кастæ, фæлæ уыдзысой æмæ æндæр ногдзинæдтæ. Афтæ зæгъæн ис, æмæ уыдæттæ меню скæндзысты ноджы æнæниздæр, сывæллæттæ йыл æхсызгонæй сæмбæлдзысты. Раздæр цы иртасæн куыст сарæзтой, уым рабæрæг сты, сывæллæтты зæрдæмæ тынгдæр цы Æрмæст адоныл нæ цæуы ныхас, ис дзы æндæр хæрзад хæринæгтæ дæр. Афтæ зæгъæн ис, æмæ ныр сывæллæтты тæбæгъты æрдæгхæрд хойраг нал баззайдзæн. Уый сæйрагдæр у.

**ДЗУЦЦАТЫ Кристинæ**

Æнæниздзинад

# Уæлæмхасæн мадзæлттæ хæцгæ низты ныхмæ



**Горæтгæрон районы Территорион æвзарæн къамисы кусæг къордæн уыд æмбырд 14 сентябры бынæттон хиуынаффæйады оргæнты æвзæрстытæм цæттæ кæныны фæдыл.**

**Æмбырды раныхас кодта «Роспотребнадзор»-ы РЦИ-Аланийы территорион регионалон хайады хицау Цæрикъаты Мæдинæ.**

**– Саразын хъæуы уæлæмхасæн мадзæлттæ æвзæрстытæм цæттæ кæныны æмæ сæ боны эпидемиологион уавæр февзæрдæрæй тас уæвыны ныхмæ, – загъта уый.**

**Территорион æвзарæн къамисæн бауынаффæ кодта ОРВИ, грипп COVID-19 æмæ æндæр хæцгæ низты ныхмæ архайдæн сæрмагонд æмæ бæлвырд пълантæ саразын, стæй, æвзарæн къамисы участочы уæнгтæй исчи куы фæрынчын уа, уæд сæ чи баивдзæн, уыдоны номхыгъдтæ сбæрæг кæнын.**

*«Роспотребнадзор»-ы пресс-службæ*

Зæрæмæджы ГЭС

# Электрон тыхæй нæ æфсады

**Зæрæмæджы фыццæгæм ГЭС-ы арæзтадмæ æнхъæлмæ кастысты цыппор азæй уæлæмæ. Ацы хъуыддаг æнæхъæн Цæгат Кавказæн ссис ахадгæ цау. Уымæ гæсгæ æппæт специалистты агуырдтой лæмбынæг. Алы адæймагимæ дæр бæстон ныхас рауад, уæдæ сæ фæлварæнтæ дæттын дæр бахъуыд.**




Афтæмæй дзы фæзынд дæсны специалисттæ, сæ бон цавæрфæнды уæззау уавæрæн дæр дзуапп раттын у. Электрон тыхæй Зæрæмæджы фыццæгæм ГЭС æфсады æнæхъæн республикæ, йæ хъомысмæ гæсгæ Цæгат Кавказы у æртыккаг. Стратегион объект æппынæдзух техникон æгъдауæй хъæуы ифтонг кæнын, фæлæ нæ бæстæйы ныхмæ экономикон гæрæнтæ æвзарын кæнынц тыхстдзинæдтæ. Фæсарæйнаг ифтонггæрзтæ бынæттон хæйттæй раивын æнтысы.

Монитортæм кæсгæйæ, электростанцæйы куыст раиртасæн ис, чидæр æппæт фыстытæ, нымæцтæ æвзаргæ дæр нæ ракæндзæн. Фæлæ специалист уайтагъд рабæрæг кæндзæн ныры уаргъæвæрд, нормæйæ фатыг иучысыл куы акъул уа, уый. Гидроагрегаты куыстмæ специалисттæ къæрцхъус сты, сæ алкæй хъомыс дæр у 173 мегаватты. Уыдонмæ хауы механикон энерги электронмæ раивын.

ГЭС-ы кусджытæ зонынц, аварийы рæстæг куыд æмæ цавæр хуызы аивын хъæуы уавæр, уыимæ цыбыр рæстæгмæ. Зæгъæм, фарон сæ бахъуыд гидроагрегаты аппарат баивын. Фæлæ уый афтæ æнцон нæ уыд, нæ бæстæйы ахæм ивæн хæйттæ нæ аразынц. Австрийæ æххуыс райсæн нæ уыд экономикон гæрæнты тыххæй. Уæд «Русгидро»-йы цæгатирыстойнаг филиалы специалисттæ бавнæлдтой проектмæ. Раздæр уал скодтой чертеж.

Пермскаг крайы Осинскы машинæтæаразæн заводы сарæзтой ног ифтонггарз. Специалистты ныхасмæ гæсгæ, йæ бон у дæс азы дæргъы кусын. Нæ экспертты хатдзæгтæм гæсгæ, фыдыбæстаг аппарат фæсарæйнагæй ницæмæй лæмæгъдæр у. Ныртæккæ Зæрæмæджы фыццæгæм ГЭС у егъау гидроэнергетикон комплексы иу хай, кæд æй дæргъвæтин рæстæг арæзтой, уæддæр «Русгидро»-йы фæрцы кæронмæ сцæттæ. Уыдис дзы зындзинæдтæ дæр, фæлæ, кæд хъуыддагмæ бавнæлдтой, уæд сын бантыст.

**КАЛМАНТЫ Зæлинæ**

Нарты номдзыддæртæ

# Дæргъæфсæры (Зæрисæры) чызг



Дæргъæфсæры чызг
йæ чызгæфсад цæттæ кæны хæстмæ
ТУГЪАНТЫ Махарбежы конд ныв

**ДÆРГЪÆФСÆРЫ (ЗÆРИСÆРЫ) ЧЫЗГ** — Нарты Болатбæрзæйы цардæмбал, Нарты кадджыты сылгоймаг хæстонты раздзог. Нарты зæххытæй бонцау æддæдæр Нозы фырт Бæргъуын цардис æд адæм. Нартимæ хæлар уыд, æмæ Нартæ уæйгуытимæ куы схæцыдысты, уæд æм цуртфæдисон æрбарвыстой. Фæдисы рараст Бæргъуын, фæлæ дæлæсых фæдисы хъæрмæ нæ сыстадысты. Уæд куы разылдысты уым дæлæсыхыл, хæстхъом нæлгоймаг сæ нал ныууагътой, сæ хæдзæрттыл сын цъæх арт суагътой æмæ уый фæстæ фæдисы ацыдысты.

Уыцы рæстæджы дæлæсыхы Дæргъæфсæры чызг æрæмбырд кодта чындздзон чызджыты, æмæ сæ мæрдтæн садвæн зæппадз сарæзтой. Уым сæ бавæрдтой æмæ зæппадзы ард бахордтой, куыд се стыр æфхæрд нæ ныббардзысты, сæ фыдæлты туг нæ ныууадздзысты.

***Дæргъæфсæры чызг сыхы чызджытæн***
***Сæвæрдта бæхтыл се 'взаргæдæрты***
***Æмæ сæ йемæ акодта хъæдмæ.***
***Тар хъæды астæу æрæнцадысты,***
***Сæ сыхбæстæйы цы хотых баззад,***
***Уыдон дæр семæ ахастой хъæдмæ;***
***Тыхæвзарæн хæстмæ сæхи æууæрстой:***
***Æхстой уым фатæй, кардæй фæлвæрдтой,***
***Цæст нæ ивгъуыдтой фатæй æхсгæйæ,***
***Лæгыл тых кодтой кардæй хæцгæйæ,***
***Афтæ сдæсны сты уыдон хæцынмæ,***
***Цæттæ уыдысты хæстмæ, бырсынмæ.***
***Ызгъæртæ скодтой, хотыхтæ райстой,***
***Сæ фæринк кæрдтæ рухскалгæ сластой.***
***Цъилы дæндæгтау сæ тулдзы ныссагътой,***
***Цыргъаджы комæй туг-ард бахордтой.***

Дæргъæфсæры чызджы æфсад афæдзы фæстæ схæцы Бæргъуынимæ æмæ йын йе 'фсад бындзагъд ныккæны. Бæргъуыны урс сæр семæ æрхастой æмæ йæ сæ арæзт зæппадзыл æрсагътой. Гъе уыцы хуызы Дæргъæфсæры чызг йæ маст суагъта, туг-тугмæ райста, стæй йæ чызг-æфсадимæ Нарты фарсмæ æрлæууыд уæйгуытимæ хæсты. Чызджытыл хæстон дарæс уыд, æмæ сæ Нартæ нæлгоймаг æфсад фæхуыдтой. Дис кодтой сæ арæхстдзинадыл æмæ фарстой сæхи, чи сты нæ æххуысгæнджытæ, зæгъгæ. Фæлæ дыккаг бон лæгæй-лæгмæ хæст куы сцырын кодтой, уæд Дæргъæфсæры чызгæн йæ сæрзæнт зæхмæ æрхауди, æмæ йæ зæрин хилтæ хуры тынтау йæ сынæгдыхыл æрызгъæлдысты.

Чызджытæ йæ се 'хсæн фæкодтой æмæ йæм слæвæрдтой йæ сæрзæнт. Йæ сыгъзæрин хил куы афснайдта, уæд та хæцын байдыдта. Болатбæрзæй федта уыцы хабар æмæ Дæргъæфсæры чызгæй иуварс нал ацыд. Хæцыдис йæ фарсмæ. Æртыккаг бон хæрзæнæбары чызджы къух кардæй хæсты фæцæф и. Болатбæрзæй йæ йæ дарæнгъаумæ йæ тыхджын къухтыл æрхаста, æмæ уым сæ цард баиу кодтой.

Фæстæдæр Болатбæрзæй уæйгуыты къухæй фæмард, æмæ йын йæ туг райста Дæргъæфсæры чызг.

**ЦГЪОЙТЫ Хазбийы чиныг**
**«Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырдуат»-æй**

Рагон къамтæ дзурынц

# Макуыуал уæд хæст!



**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты бæллæхтæ иу æмæ дыууæ фæлтæрыл нæ хицæн кæнынц. 1941-1945 азмæ хæстхъом чи уыд, уыдонæй бирæтæ хæсты быдыры баззадысты. Чи аирвæзт, уыдонæй та чи сахъат, чи низджын уыд. Хæстонты ныййарджытæ сæ бонтæ кæугæйæ æрвыстой. Уæдæ мах, хæсты сывæллæттæ, æххормаг, бæгънæг, низтимæ тохгæнгæйæ рæзыдыстæм.**

**Хæст куы райдыдта, уæд нырма гыццыл чызг уыдтæн, фæлæ хорз хъуыды кæнын нæ мæгуыр цæрдтытæ. Ахæм фыдбылызæй хызт уæм не 'ппæт дæр. Уæлдай уæз сылгоймæгтыл цыд. Нæ мад Хъæрджынон авд сывæллоны хаста. Нæ бинонтæ Зджыдæй хуыздæр цард агурæг рацыдысты Ставд-Дуртæм. Мæ фыд Гаппо, йе 'фсымæртæ Степан æмæ Иван самандур хæдзæрттæ сарæзтой. Адæм кæд мæгуыр цардысты, уæддæр — лымæнæй, хъæлдзæгæй, æнгомæй.**

**Нæ колхоз Ждановы ном хаста. Кусджытæн хор лæвæрдтой, сабыргай адæмыл цард хæцын райдыдта. Фæлæ сын уыцы фыдбоны хæст сæ фæндтæ, сæ бæллицтæ ферох кæнын кодта. Немыц нæ хъæумæ куы æрбахæццæ сты, уæд бирæ фыдмитæ кодтой, акъоппыты бадтыстæм уазалæй, æххормагæй. Хæдтæхджытæй, рæмудзæнтæй тарстыстæм. Нæ мадæлтæ та быдырты куыстой. Нæ хуыздæр хæринаг — хуыскъæл нартхоры ссадимæ. Афтæ цыппар азы тухитæ кодтам. Нæ фыд хæстæй куы сыздæхт, уæд нын фенцондæр ис.**

**Мæ ныййарджытимæ баст мысинæгтæй мын алкæцыдæр зынаргъ у. Ацы хуызист, куыд зонын, афтæмæй 1942 азы ист æрцыд. Колхозон, сыхаг сылгоймæгтæ сты. Сæ звеновод уыд Таболты Уарзет. Иууылдæр сты фыдæбонджын, уымæ гæсгæ сæ aзтæй хистæр зынынц. Бадынц: Ботъоты Нутка, Саулаты Мария, Дулаты Варикка, Пагæты Дусиат, лæууынц: Цæгæраты Лазинка (мæ мад), Ногъайты Гокка, Ботъоты Маруся.**

**ФАРДЗИНТЫ-ЦÆГÆРАТЫ Таня**
***(«Рæстдзинад»-ы архивæй)***

Уæрæсейаг кинойы бон

# Бырнацты Измаил

**Йæ ист кинонывтæн се 'ппæтæн дæр бирæ цæрæнбон ис лæвæрд. Зонынц сæ, уарзон сты канд Цæгат Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн дунейы дæр. Измаил йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй-иу æм телефонæй æрбадзырдтой Африкæ æмæ Азийæ, стæй, зæххы къорийы æндæр паддзахæдты чи цард æмæ куыста, уыцы ирæттæ сæ бузныджы ныхæстимæ.**

Режиссеры ист аивадон кинонывтæ «Сюрприз», «Все сначала», «Семейная драма», «Сберегги башню», «Горская новелла», «Чегери», «Буйный Терек», «Крутизна», «Диалог», «Дезертир», «Волшебная папаха», «Тайна бронзовой головы», «И оглянулся путник» райгуырдысты, ирон киноаивады рæзт йæ тæмæны куы уыд, уыцы рæстæг.

– Дæргъвæтин у, ацы кинонывтæ кæм æмæ куыд цыдысты хорзæхджын, уый номхыгъд. Æвдыстой сæ суанг дунейы зæххон орбитæйы дæр. Уыцы бар та алкæцы кинонывæн нæ уыд лæвæрд, – зæгъы Уæрæсейы культурæйы сгуыхт кусæг, Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт кусæг **Бырнацты Измаил**. Фидæны кинорежиссер Мæскуыйы райгуырд, йæ фыд Петр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæмард, йæ мад дыккаг хатт йæ амонд ссардта Себеттæм. Фæстæдæр, Себетты Алан дзы уыд оператор, афтæмæй бакуыстой авд кинонывыл.

Бинонтæ цардысты ныры Сабырдзинады проспекты (Сталины проспект), кинотеатр «Гигант»-ы бакомкоммæ, æмæ цардбæллон лæппу арæх цыд уырдæм кинонывмæ бакæсынмæ, бирæты дзы цалдæргай хæттыты федта. Йæ дыккаг фыд партион кусæг уыд, уый та кæмфæнды ма уыдаид, уæддæр лæппуйæ домдта хи нывыл дарын. Дзæуджыхъæуы фæндзæм скъола каст фæцис æмæ кусынмæ бацыд, бынæттон Паддзахадон радио æмæ телеуынынады комитеты цур цы киностуди арæзт æрцыд, уырдæм, звукооператоры æххуысгæнæгæй. Уæлдай мын нæ уыд, зæгъы, разы уыдтæн цыфæнды куыстыл дæр, уымæн æмæ тынг уарзта кино.

Уыцы азты комитеты сæргъы лæууыд Æгъуызарты Æхсарбег – кинойы рæзтæн йæ уд нывондæн чи æрхаста, æппæт тыхтæ дæр чи ратта, уыцы разамонæг. Студийы директор, диссаджы адæймаг æмæ æрыгæтты сæрхъуызой Дзæгъиаты Георги уыд. Йæ цæст æрæвæрдта лæппуйыл, иуахæмы йæм фæдзырдта æмæ йын бамбарын кодта, ВГИК-мæ ахуыр кæнынмæ кæй æрвитдзысты къорд, кино чи исдзæн, уыцы специалисттæй, æмæ дæ нæ фæнды, зæгъгæ. Æцæг, дам, фæлварæн раттын хъæудзæн. Куыд нæ бацин кодтаид Измаил, йæ бæллиц сæххæст кæнынæн ын хорз гæнæн фæзынд. Фæлварæны йæхицæй фылдæр баллтæ никæмæ уыд, Гулуты Андрей æмæ Бзарты Берд, семæ ма авдæй, афтæмæй Мæскуымæ ВГИК-ы ахуыр кæнынмæ афæндараст сты.

Йæ ахуырæй фæиппæрд æртæ азы, уыцы рæстæг Карибаг кризис йæ тæмæны уыд. Æфсæддон хæс æххæст кæнгæйæ, афæдз ахуыр кодта æфсæддон училищæйы, службæ кодта бæстæйы сусæг атомон фæзуæтты, уыд фæскомцæдисон раздзæуæг. Цæдисы алы кæрæттæй уыдысты, кæимæ службæ кодта, уыцы 'мбæлттæ. Æмæ куыд хæларæй цардысты! Куы сыздæхт, уæд йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта, каст фæцис операторты факультет. Амондджын уыд, фæстæдæр ын уый стыр æххуыс фæцис йæ режиссеры куысты. Æмæ куыд нæ, операторы цæст уыдта алы кадр дæр. Суанг йæ фыццаг аивадон кинонnetwork «Сюрприз» исгæйæ йын йæ кинопробæтæ, «Грузияфильм»-ы фыццæгæм сфæлдыстадон иугонды директор Тенгиз Абуладзе куы федта, уæд æй бафæдзæхста, дыккагæй сæ мауал сис, зæгъгæ. Разыйæ сæ баззад советон кинойы дæсны. Нæ йæм байхъуыста Бырнацы-фырт, ногæй сыл бакуыста. Сценарист Гутнаты Валодяимæ сæ Тенгиз базонгæ кодта студийы уæды директор Резо Чхеидзеимæ («Отец солдата»-йы режиссер).

Цæвиттон, ВГИК-ы мастер Гальпель цæст æрæвæрдта лæппуйы арæхстдзинадыл, бирæвæрсыг кæй у, уый бамбæрста æмæ баныхас кодта дунейы хъуыстгонд режиссер Сергей Герасимовимæ, цæмæй курдиатджын лæппу уæгъдæй цæуа хуыздæр ахуыргæнæг-режиссерты лекцитæм. Цы ма хъуыд хуыздæр Измаилы, нæ цух кодта Михаил Ромы лекцитæ, æмæ институт каст фæуынмæ сфæлтæрдта йæхи, хорз зонындзинæдтæ райста йæ зондамонджытæй, куыд кинорежиссер.

Ирыстонмæ йæ сыздæхынмæ комитеты цур киностудийы кусын райдыдтой дыууæ диссаджы курдиатджын адæймаджы – Рафаэль Гаспарянц æмæ Михаил Немысский. Сæ фарсмæ балæууыдысты æндæр дыууæ курдиаты – режиссер Бырнацты Измаил æмæ Себетты Алан. Авд аивадон кинонывы бантыст æфсымæртæн иумæ сисын. Амондджындæр адæймæгтæ нæ уыд уæд а зæххыл. Æмæ куыд нæ, сфæлдыстады тæвагæй цырен арты чи сыгъд, ахæм специалисттимæ куыста не 'рмæджы хъайтар: Дзбойты Батырбег, Игорь Притула, Владимир Мотыль, Ахмедхан Абу-Бакар, Илес Татаев, Владимир Пархоменко ... Куыд хæлар уыдысты, уымæн æвдисæн, Владимир Измаилы номыл цы æмдзæвгæ ныффыста, уый: «Ты как крепость силен, Ты не зря Измаил, И талантом в кино Ты давно покорил».

Цæгат Ирыстоны кинематографийæн 'хцайы фæрæзтæ цыдысты Мæскуыйæ. Æгъуызарты Æхсарбеджы-иу критикæ кодтой, фæрæзтæ æмæ адæмы арæх кæй арвиты ирон дзыллон сценæты архайынмæ, кинотæ исгæйæ, фæлæ кинойы размæцыдыл иууылдæр разы уыдысты. Уый диссаджы рæстæг уыд! Театр, телеуынынады центрон каналы æвдыстой ирон режиссерты кинонывтæ. Æрмæджы авторы къухы, нæ телерадиокомитеты сæрдар Фидараты Булатмæ Центрон телеуынынадæй летучкæйы фæстæ цы фыстæг ссыд, уый. Загъд дзы цæуы, аивадон телефильм «Возвращение Урузмага»-йæн «Союзтелефильм» æмæ «Ростелефильм» стыр аргъ кæй кæнынц æмæ арфæ кæнынц йæ сисæг сфæлдыстадон къордæн. Газеттæ æмæ журналтæ рæстæджы цыды фæбур сты, æрмæст абоны фæлтæр тырны уыцы кинонывтæ ногæй фенынмæ.

– Ахæм рæстæг ма искуы ралæудзæн?.. Тынг æм бæллын, æнæрынцойæ цыд уæд архайд алцæуыл дæр, – сагъæс кæны ирон кинойы мэтр. Уыцы рæстæг æппæт республикæты дæр ахæм куыст кодтой, фæлæ Ирыстон цы æмвæзадмæ схызт, уый – ничи. Рæстæг æрбамбырд кодта Цæгат Кавказы сфæлдыстадон коллективты, нæ кинонывтæм хуынд уыдысты хуыздæр актертæ, уый кæрæдзиуыл баста нациты. Рæзыд национ, монон, политикон ахастыты æмвæзад. Уый уыд, ферохгæнæн кæмæн нæй, уыцы рæстæг.

Цæгат Ирыстоны цы кинематографи равзæрд, уый баст уыд национ политикæимæ, кæцыйыл хъуыды кодта егъау паддзахады кинематографи, телеуынынад, аивадон æрмадзтæ – иууылдæр куыстой республикæйы аивады рæзтыл! Се сфæлдыстады фæдыл æрмæджытæ цыдысты Цæгат Кавказы æмæ центрон газеттæ æмæ журналты, æрвылкъуыри разамынд. Рæзын кæнын национ республикæты телеуынынады быднурыл кино исыны хъуыддаг, уый къухы бафтыд æрмæстдæр паддзахады фæрцы. Кинематографи æппæты зынаргъдæр хуыз у културæйы. Кæй бон у йе сног кæнын?



Измаил йæ бинойнаг Нинæимæ



– Куы базыдтон, Уæрæсейы Президент Владимир Путины уынаффæмæ гæсгæ, Цæгат Кавказы кинохроникæйы студи республикæйы балансмæ раивтой, уæд бацин кодтон, хъуыддаг йæ бынатæй фенкъуысыд, зæгъгæ. Фæлæ, цæмæй райрæза, уымæн та бирæ фæрæзтæ хъæуы.

Бырнацты Измаилы фæндаг кинематографийы райдыдта документалон кинойæ. Исгæ та сæ фылдæр кодтой Ирыстоны хæхбæсты, йæ кæмтты. Ирон Голливуд хоны режиссер Куырттаты ком, диссаджы цæстуарзон, курдиатджын адæм дзы цæры, зæгъы.

– Документалон киноныв истам Куырттаты комы фыццаг хиконд электростанцæ саразæг Цæгæраты Созырыхъойы тыххæй. Уыцы рæстæг ын йæ хæдзармæ обкомы кусджытæ уазæгуаты фæхуыдтой хъуыстгонд советон фыссæджы йæ бинойнагимæ. Созырыхъо хистæрæн бадти, æмæ йæ фыссæджы цардæмбал арахъ нуазын кæй нæ уагъта, уый айхъуыста æмæ афтæ зæгъы: «Не хочешь пить арака – пей молока. Рахæссут-ма йын æхсыр!» Уыдæттæ систам æмæ дзы ракуырдтам, цæмæй нын радзура, электростанцæ куыд сарæзта, уый тыххæй. Созырыхъо йæ боцъотæ адаудта æмæ афтæ: «Вообще-то это была историческая история!» Киноныв сцæттæ, æмæ йæ Мæскуымæ аластам йæ раттынмæ, Советон Цæдисы Паддзахадон радио æмæ телеуынынады йæм цыд каст. Къамисы уæнгтæй иу сылгоймаг сыстад, æмæ афтæ: «Цымыдисаг киноныв æрластат, фæлæ йæ хъайтар раст нæ загъта йæ хъуыды, уый цавæр исторически истори у?» Æз дæр æй, зæгъын, уымæй бафарстон, æмæ мын цы дзуапп ратта, уый зоныс. Йæ улæфт дæр никæмæн уал хъуыст къамисы уæнгтæй. «Историй много бывает, а историческая история – одна!» Иууылдæр ын нымдзæгъд кодтой,– йæ документалон кинонывы хъайтары тыххæй нын радзырдта режиссер.



**Людмилæ ДЖУЛАЙ, Роберт МЕРКУН, ДЗБОЙТЫ Роберт,**
**ДЗБОЙТЫ Батырбег æмæ Рафаэль ГАСПАРЯНЦ**

Цæмæ бæллы йæ куы бафарстам, уæд йæ дзуапп уыд:

– Дыууæ хъуыддагмæ. Сæ иу – мæ кинонывты чи хъазыд, уыдоны æрæмбырд кæнын æмæ семæ фембæлын. Иннæ – Ирыстоны кæмтты цæрджытæн бузныджы ныхæстæ зæгъын. Кинонывтæ фылдæр хæхбæсты истам, цы диссаджы адæм дзы цæры! Куырттаты комы хъæуты цæрджытæ суанг номхыгъд дæр сарæзтой, хæдзари-хæдзар нæ чи бахондзæн сæхимæ, уыдонæн. Хæларзæрдæ, курдиатджын, уазæгуарзон æмæ бæркадкъух адæм, стыр бузныг уæ лæггадæй! Фæнды мæ коммæ бацæуæны фæйнæг бакæнын адæмæн бузныджы ныхæстимæ. Цы фæндтæ сæм ис, уыдон рæсугъдæй сæ къухы бафтæнт!

Бырнацты Измаилы тыххæй æппæт дæр радзурын газеты формат нæ амоны, фæлæ ирон зæххыл йæ хуызæн курдиæттæ кæй ис, уымæй сæрыстыр хъуамæ уæм æмæ сæ рохуаты ма уадзæм.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Ирон царды æгъдæуттæ

# Майрæмы куадзæн

**Ирон адæм мингай азты кувынц Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцаумæ. Нæ дины Иунæг Цытджын Хуыцаумæ кувыны фæтк Библийы динæй раздæр ныффидар. Нæ фыдæлтæ, æвæццæгæн, чырыстон æмæ пысылмон динтæм дæр уæлæнгай цæстæй уымæн акастысты — нæ сæ райстой, сæхион сæм растдæр фæкаст. Уыдон сын цы амыдтой, уый сæхимæ рагæй уыд. Уымæй дæр арфдæр æмæ мидисджындæрæй. Уый хыгъд сыл, Хуыцаумæ нывыл кувын цы адæмтæ нæ зыдтой, уыдон фæхæлоф кодтой.**

Алы дин дæр йæ кæнонтæ кæны, æмæ йæ тыхæй искæмæн хъарын у адæмы йæм сных кæнын. Дин, стæй æгъдау дæр йæ адæймагдзинады æууæлтæй хъуамæ сæхæдæг сæхимæ æркæсын кæной адæмы æмæ афтæмæй сæхи бауарзын кæной. Адæм искæй дин æмæ æгъдау дæр райсынц, сæхионæй сæм хуыздæр куы фæкæса, уæд. Дыууæ мин азы дæргъы ирон адæмæн хъарынц чырыстон дин, æмæ йæ абон дæр ма нæ райстой, стæмтæй фæстæмæ. Уый хыгъд не 'гъдæуттыл, нæхи диныл, нæ цардыуагыл кæмдæрты фæзынд. Растдæр зæгъгæйæ, æмхуызондзинæдтæ дзы ис. Уымæн æмæ цыфæнды дин дæр афтид бынаты нæ равзæры. Зæгъæм, Куадзæн кæд чырыстон дингæнджытæ Чырыстийы райгасимæ бабастой, уæддæр Куадзæн Чырыстийы размæ дæр уыд: дзуттæгтæ æмæ ирæттæм дæр. Чырыстийы размæ дæр ирон адæм ком дардтой æмæ-иу сæ ком суагътой.

Иннæмæй та нын нæ кувæн бынæттæ, бæрæгбæттæ чырыстон дин парахатгæнджытæ дыууæ мин азы дæргъы сæ динимæ афтæ тынг бабастой, æмæ сæ хатт кæрæдзийæ фæхицæн кæнын нал фæзонæм. Уыцы уавæр уæлдай тынгдæр фæзынд Зæрдæвæрæн æмæ Майрæмы куадзæныл. Сæ дыууæ дæр ирон адæммæ сты мæрдты бонтæ, Чырыстон дины та — хъæлдзæг бæрæгбæттæ, Чырысти æмæ йæ мад Мария уæларвмæ цы бонты ацыдысты, уыдон. Уыцы цæстæй йæм кæсынц, ирæттæй чырыстон дин чи райста, уыдон дæр. У сын хъæлдзæг бæрæгбон. Зæрдæвæрæн махмæ, стæм хаттæй фæстæмæ, вæййы майы фæстаг цыппæрæмы, чырыстæттæм та — Чырыстийы райгасæй 40 боны фæстæ, Майрæмы куадзæн махмæ вæййы августы фæстаг майрæмбоны, чырыстæттæм та — алы аз дæр 28 августы. Æмæ æрцæуы хуыцаубонмæ дæр. Хуыцаубон та мæрдты бон ницы хуызы у!

Ацы дыууæ бæрæгбоны ирон адæммæ афтæ ахсджиаг сты, æмæ майы мæй хонæм Зæрдæвæрæны мæй, август та — Майрæмы мæй. Уый дзуры ууыл, æмæ сæ, æвæццæгæн, ирон адæм бæрæг кодтой чырыстон дины размæ дæр.

Майрæмы куадзæн ирон адæммæ уæлдай тынгдæр бæрæг кæнынц ног мæрдджын бинонтæ, йæ бонмæ азы дæргъы, зиан кæуыл æрцыд, уыдон. Æмæ йæ

*Ацы дыууæ бæрæгбоны ирон адæммæ афтæ ахсджиаг сты, æмæ майы мæй хонæм Зæрдæвæрæны мæй, август та — Майрæмы мæй. Уый дзуры ууыл, æмæ сæ, æвæццæгæн, ирон адæм бæрæг кодтой чырыстон дины размæ дæр.*

*Майрæмы куадзæн ирон адæммæ уæлдай тынгдæр бæрæг кæнынц ног мæрдджын бинонтæ, йæ бонмæ азы дæргъы, зиан кæуыл æрцыд, уыдон. Æмæ йæ сæйраг нысан у, Зæрдæвæрæнæй фæстæмæ, цыдæриддæр дыргъ, гагадыргъ, халсар фæзынд, уыдон мардæн ныххæлар кæнын. Уæдмæ дзы-иу ногмæрдджынтæ сæ дзыхы дæр никуы акодтой, стæй-иу дыууæ къуырийы та ком дардтой. Æмæ-иу Майрæмы куадзæны сæ ком суагътой. Куадзæн — комуадзæн дæр æй уымæн хонынц.*

сæйраг нысан у, Зæрдæвæрæнæй фæстæмæ, цыдæриддæр дыргъ, гагадыргъ, халсар фæзынд, уыдон мардæн ныххæлар кæнын. Уæдмæ дзы-иу ногмæрдджынтæ сæ дзыхы дæр никуы акодтой, стæй-иу дыууæ къуырийы та ком дардтой. Æмæ-иу Майрæмы куадзæны сæ ком суагътой. Куадзæн — комуадзæн дæр æй уымæн хонынц.

Уымæй уæлдай, Майрæмы куадзæны фынгыл ныххæлар кæнынмæ æрæвæрынц дыгай уæливыхтæ: хæбизджынтæ, цæхæраджынтæ, къабускаджынтæ, хъæдурджынтæ, дыргъ æмæ халсаримæ баст æндæр уæливыхтæ. Йæ фадат кæмæн амоны, уый аргæвды далыс, иннæтæ сфыцынц æмæ æрæвæрынц фыдызгъæл къуыдырфыхæй. Фынгыл вæййы адджинæгтæ æмæ алыхуызон нозтытæ. Мардæн сæ ныххæлар кæнынц сых æмæ мыггаджы хистæртæй дыууæ кæнæ цыппар лæджы. Уый фæстæ сæ фынгтыл равæрынц: нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæн хицæнтæй.

Майрæмы куадзæны фынджыдзагæй уæлмæрдмæ нæ хæссынц. Уый размæ йæм базилынц, бафснайынц æй. Зæрдæвæрæны фæдтæ йыл куыд нæ зыной, афтæ. Марды кæндты иу æгъдауæй иннæмæ марды уæлмæрд хъуамæ цæуа сыгъдæггонд, цæмæй быроны бын ма кæна. Уый тыххæй алы уæлмæрды дæр фæсвæд ран ис быронд он.

Майрæмы куадзæны архайджытæ сабатизæртау фылдæр вæййынц сылгоймæгтæ. Хуымæтæджы нæ баззад ахæм ныхас: "Майрæмы куадзæны — сылгоймаг кувæг". Зианы хъуыддæгты кувгæ нæ, фæдзæхсгæ æмæ рухсаттæ фæкæнынц, фæлæ ацы бон ныййарджытæ, æвæццæгæн, сæ цотыл аудæг Мады зæд, Мады-Майрæмæй фæкурынц хорздзинад мардæн æмæ сæхицæн дæр.

Зæронд мæрдтæн та фынджыдзаг скæнынц Майрæмы куадзæны хæдфæстæ сабаты — дыккаг бон.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Хъæбатыры мысгæйæ

# Фыццаг бынаты – октябрыхъæуккæгтæ

**Джызæлы ацыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг Харебаты Азæмæты номарæн æрвылазон æрыгæтты турнир футболæй. Азæмæт фæмард 2022 азы 12 декабры, æфсæддон разамынды бардзырд æххæстгæнгæйæ. Хорзæхджын æрцыд кадджын хæстон хæрзиуæгæй (мæлæты фæстæ).**

Турниры архайдтой æхсæз командæйы – Беслæны «Олимпик», «Елхот», «Алани» (Октябрыхъæу), Иван Канидийы номыл интернаты командæ (Беслæн), Джызæлы «Сæрмæт» æмæ Даргъ-Къохы футболисттæ.

Турниры бæрæггæнæнтæм гæсгæ фыццаг бынат бацахста Октябрыхъæуы «Алани» (тренер – Мылыхуаты Аслан), дыккаг – Иван Канидийы номыл интернат (тренер – Кокайты Арам), æртыккаг бынат та æрхаудта Джызæлы «Сæрмæт»-мæ (тренер – Хæмыцаты Таймураз) æмæ Даргъ-Къохы командæмæ (тренер – Дыгуры Ермак).



Ерысты уæлахиздзау æмæ призертæн раттой кубоктæ, майдантæ æмæ дипломтæ, хуыздæр футболисттæй та алкæмæн дæр балæвар кодтой футболисты уæлæдарæс Ирыстоны футболы историйы чиныгимæ.

Номарæн турнир цæмæй аккаг хуызы ацыдаид, уымæн се 'ххуысы хай бакодтой: Чертхъоты Геннади, Джызæлы бынæттон администрацийы сæргълæууæг Дойаты Таймураз æмæ Азæмæты цардæмбал Харебаты-Цæгæраты Каринæ. Арфæ сын ракодтой ерыстæ саразджытæ.

Азæмæтæн йæ фæстæ баззад фырт Георги, æмæ турниры кæронбæттæны раныхасгæнджытæ дзырдтой, цæмæй байрæза æнæнизæй, йæ хъæбатыр фыды кадджын ном бæрзонд хæсса, бинонтæ, мыггаг, хъæубæстæ дзы уой кæддæриддæр сæрыстыр.

**ДÆБÆЛАТЫ Валодя**



Фыдæлты æгъдæуттæм фылдæр æргом

# Уæздан лæг

**Джергаты Датъи царди Тибы, Ногъарæйы. Уыдис ын æртæ фырты æмæ дыууæ чызджы. Туалгомы адæмты 'хсæн уыдис кадджын æмæ æгъдауджыныл нымад. Йæ хистæр чызг чындздзон куы ссис, уæд æм Мамысонæй курæг фæзынд. Датъи усгурмæ хибармæ фæсидт æмæ йæ бафарста:**

— Чи дæ? Кæмæй дæ? Чи дын ис?

— Мæ фыд Челдыты Бекъа амард цалдæр азы размæ. Дæн иунæг.

— Уæдæ, мæ хур, иунæг мæгуыр у, куы дæ амардæуа, уæд дын дæ туг райсæг дæр куы нæ ис. Мæнмæ дын чызг нæй. Дæхи дæр æмæ мæн дæр ма тыхсын кæн. Лæппу æмæ йе 'мбæлттæ сæ бæхтыл сбадтысты æмæ сæхимæ бафардæг сты.

Цас рацыдаид, чи зоны, фæлæ лæппуйы йæ уарзондзинад сæрра кодта, æмæ Датъийы чызгмæ йе 'мбæлттимæ скъæфынмæ рацыд. Чызджыты уатмæ рудзынгыл бахызтысты æмæ ивддзагæй кæстæр чызджы рахастой. Бæхмæ йæ куы сæргъæвтой, уæд йæхи разыввытт кодта, æмæ йæ сæр æмбондыл ныппырх. Скъæфджытæ катайы бацыдысты. Хæстæгдæр хæдзармæ дуар бахостой, æмæ сæм зæронд лæг ракасти.

— Чи стут? Цы уæ хъæуы?

— Бахатыр кæн, нæ фыды хай, стыр бæллæхы бахаудыстæм æмæ, цы бакæнæм, уымæн ницыуал зонæм. Раскъæфтам уæлæ уæ сыхаг Датъийы чызджы. Бæхæй нын йæхи раппæрста æмæ дзургæ дæр нал скодта. Лидзын нæ сæрмæ нæ хæссæм. Мæлын дæр нæ никæй фæнды, æмæ фæрсынмæ 'рбацыдыстæм.

— Скъæфæг чи у? Кæй фырт у?

— Бекъайы зыдтаис, гъе уый фырт.

— Стыр бæллæхы бахаудыстут, фæлæ мард иунæг ма ныууадзут. Æз цæуын Датъимæ. Уæздан лæг у, æмæ кæд бамбарид.

Марды цур æрлæууыд. Рухсаг ын загъта æмæ Датъимæ ацыди. Йæ фыртты йын баййæфта сæ бæхтыл сæргътæ æвæргæ æмæ сæм дзуры:



— Бахатыр кæнут, уæ фыд мæ хъæуы ныхасæн.

Бахызт хæдзармæ. Датъийы баййæфта æд кæрддзæм æхсаргардыл йæ иу къух иннæуыл æвæрдæй, йæ сæр æруагъта, афтæмæй зæхмæ каст. Йæ разы æрлæууыд зæронд лæг æмæ загъта:

— Датъи, æппæт фенæг лæг дæ, бирæ адæмты 'хсæн вæййыс, бирæ туджджынты бафидауын кæныс дæ фидар зондæй. Абон æрцыд стыр бæллæх дæхи хæдзарыл… Рухсаг уæд дæ чызг… Йæхи бæхæй раппæрста æмæ фæмард. Скъæфджытæ иу нымæт йæ быны бакодтой, иннæмæй та йæ æмбæрзгæ бакодтой, афтæмæй йæ цуры дзыназынц дæлæ мах цур. Сæ тæрхонгæнæг фæу дæхæдæг. Датъи фестъæлфыд, йæ хъуыртæ ахгæдтой, иу дзæвгар æгуыппæгæй аззад, стæй йæ фырттæм фæдзырдта æмæ сын загъта:

— Сисут уæ сæргътæ, равдисут уæхи уæзданæй, иу тызмæг ныхас дæр ма скæнут мæ разæй. Фæдзурут нæ сыхбæстæм æмæ уæ хойы мард хæдзармæ æрбахæссут.

Бинонты æрдиагæй хæдзары къултæ фæцæйтыдтой… Дыккаг бон Мамысонгом æрбамбырд сты. Дыууæ мыггаджы бафидауын кодтой. Челдытæ бæзджын мæрддзыгойæ рацыдысты. Захъа, Нар, Зруг æмæ Зæрæмæджы мæрддзыгойдзаутæ тæфæрфæс ракодтой. Зиан бавæрдтой. Бирæ ныхæстæ адæмы 'хсæн æрцыди… Æртыккаг сабатизæр куы ахицæн, уæд Датъи Челдытæм барвыста æмæ лæгæвзæрстæй Бекъайы фыртимæ рацыдысты. Иуæрдыгæй æрлæууыдысты уазджытæ, иннæрдыгæй — Датъийы сыхæгтæ æмæ йæ кæстæртæ. Датъи размæ ралæууыд æмæ загъта:

— Ацы хъуыддаджы аххосджын дæн æз мæхæдæг. Æгъдауæй мын Челдытæ агуырдтой мæ чызджы. Фæндыд сæ мæ мыггаг æмæ мæ кæстæртимæ хæстæгдзинад. Гъе ныр, Бекъайы фырт, дæ разы мæ чызг, уый æфсон бахауд мæ кæстæр чызг, йæ хо, фыдбылызы. Бар дын ис цардæмбалæн мæ чызджы равзарынæн кæнæ мæ фырттимæ æфсымæртæ скæнынæн.

Лæппу чызгмæ æфсæрмдзастæй бакаст, сæргуыбырæй йæ цæстысыгтæ асæрфта. Уый фæстæ æфсымæрты къухтæ райста æмæ йе 'мбæлтты дæле æрлæууыд. Уыцы æхсæв бафидыдтой, снысан кодтой чындзæхсæвы бон… Æрæмбырд сты Датъийы сыхбæстæ, хъæубæстæ æмæ хæстæджытæ алы хъæутæ æмæ кæмттæй. Челдыты чындзхонтæ дæр лæгæвзæрстæй араст сты Згъилæй Тибмæ.

Раст Хълиатæй Тлийы 'хсæн уыдаиккой, афтæ Датъийы фыд 107 азы фæцарды фæстæ, чындзыл нал бацин кодта, афтæмæй ахицæн йæ цардæй. Датъи йæ сыхбæстæн бамбарын кодта æмæ сæ ракуырдта, цæмæй зиан бабæстон кæной æмæ йæ хицæн агъуысты сæвæрой. Адæмæн та йæ ма схъæр кæной. Бирæ сидтыты фæстæ уазджытæ æгъдаумæ гæсгæ бацагуырдтой хæдзары хистæры. Уырдыглæуджытæ йæ рынчын рахуыдтой æмæ йын нуазæн кæстæртæн арвыстой. Фысымтæн гæнæн нал уыдис æмæ æндæр хъæуккаг зæронд лæджы хуыссæны абадын кодтой. Уазджытæн арфæ ракодта, сæ нуазæн сын баныхста. Кæстæртæ буцæй раздæхтысты. Бадты адæмæн хистæры арфæтæ радзырдтой. Чындзæхсæв ахицæн. Дыккаг бон хъæргæнджытæ арвыстой. Адæм æрбамбырд сты æмæ Джергаты зиан баныгæдтой.

Ныр мах фæлтæрæй чидæртæ æгъдау æмæ уæздандзинад æдылыйыл цæмæн нымайынц? Цард æгъдауæй куы фидауы, уæд!

**ХОЗИТЫ Федыры чиныг «Уæлладжыры комыл Туалтæм»-æй**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**

**Для повышения плодородия почвы продаем качественный конский перегной и чернозем в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Продаем конский перегной в мешках. Доставка бесплатная. Рекомендации по применению – на месте. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-989-914-85-41 (Руслан).**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфætæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2702. Заказ № 943. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**